# Kayit biy leeral ni ñuy wàttandikoo lakk ak niñuy waajalee tolluwaay yu jamp yi ci taaxi dëkkuwaay yu New York City

© TM City of New York

## 2025-2026

Bànqaas bi yore wàllu fay lakk ci New York City (New York City Fire Department, FDNY) dafay genne kayitu leeral bii at mu nekk. Boroom taaxi dëkkuwaay yi dañu wara seddale kayit bii ñi fa dëkk ak ñi fay ligeeyee. Jàngal xibaar yi ndax nga mëna àar sa bopp ak say soppe.



### Li nekk ci bii ñu genne

**Lakk yi ay bëtëri di sabab**

Bëtëri yi am Lithium-ion mën nañu sabab ay lakk yu mëna faat ay bakkan (xët 1-2).

**Kaarange lakk ci sa biir taax**

Na nga miin kayit biy leeral kaarange lakk bi ak yegle yi nekk ci sa taaxu dëkkuwaay (xët 2-3).

**Tolluwaay yu jamp yi ci bu amee kuy sox ay bali fetal**

Jàngal li nit ki wara def (xët 4).

## Na nga bàyyi xel bëtëri yu am lithium-ion yi nekk ci sa kër!

Bëtëri yu am lithium-ion ñooy bëtëri yi ñu mëna saarse waat. Dañuy nekk ci welo kuurann yi ak ci moto yi, oto yi, ordinateer yi, tablet yi, telefon yi, ak ci jumtukaay yu ñu baaxoo jëfandikoo ci kër yi.

Lakk yi bëtëri yu am lithium-ion yi di sabab waral nañu ay bàkkan yu faatu, ay gaañu-gaañu yu metti ak alal ju yàqqu ju bari ci New York City. Li ëpp ci lakk yi ñi ngiy tàmbalee ci jëfandikoo ay bëtëri yu ñu saxalul seenug wér, wala yu yàqqu yi, wala yuñu soppi ci anam bu baaxul, wala ci ay jumtukaay yu mel ni welo yi ak moto yi. Waaye tamit ba ci bëtëri yu wér yi mën nañu sabab ay lorànge ci lu gaaw buñu leen jëfandikoo wul ci anam bi war wala buñu leen saarse wul ci anam bi war.

## Kañ nga wara woo 911 ci mbiri bëtëri yu am lithium-ion?

- Wooteel ci 911 boo seetloo ay xet, ay soppeeku melo wala soppeku jëmm, wala senn-senn wala riir yu la jaaxal.
- Wooteel ci 911 bu fekkee sa bëtëri dafa yàqqu ci gis-gis wala bu fekkee ku ci amul xam-xam moo ko doon defar.

## Lan tamit nga mëna def ci tolluwaay yu jamp yi?

- Na nga dakkal jëfandikoo bëtëri bi ci saas yi.
- Boo ko mënee def ci anam bu ànd ak kaarange, genneel bëtëri bi ci biti wala nga soreel ko leep lu mëna jàpp sawara.

## Wattandikul sababi lakk yi ci sa kër.

- Bul jënd bëtëri yu wérul yi, yu dëppoowul ak yoon yi, wala bëtëri lithium-ion yu okaasyoŋ yi.
- Bul jeema defar, soppi, wala repaare bëtëri yu am lithium-ion yi.
- Bul jëfandikoo raloons wala miltipriis booy saarsee bëtëri yu am lithium-ion yi.
- Bul bàyyi bëtëri yu yàqqu yi wala yu amatul njariñ yi ci sa dëkkuwaay.
- Bul saarsee sa bëtëri yu am lithium-ion yi ci fu jege buntu dëkkuwaay bi wala palanteer bi ndax ab lakk mën na fatt yoon wi ngay rawalee sa boppu.
- Bul saarsee ab jumtukaay wala bëtëri ci sa kaw lal wala ci sa kaw kanape, wala fu jege rido yi, jege ay kayit wala lepp lu gaawa tàkk.
- Bul fanaanee saarse sa bëtëri wala di ko saarse ci anam boo xam ni doo ko bàyyi xel.

## Na nga ñaaw njort ci kaarange bëtëri yu am lithium-ion

- Na nga jëndee welo kuuraan, ak moto kuuraan, ak bëtëri yi ci ñu wóor. Nala wóor ni SAXAL NAÑU SEEN WÓORAAY. Gëstul ndax tafnañu ci wóoralu UL yi (UL 2849, 2272, or 2271).
- Toppal ndigali ki ko defar ci lu jëm ci jumtukaay yi. Na nga jëfandikoo bëtëri bu cosaanu bi, saarseer bi ak fiilu saarseer yi ñu la joxaale ak jumtukaay bi, wala piyees yi ki ko defar digle buñu leen di soppi.
- Na nga saarsee sa welo kuuraan, sa moto kuuraan ak say bëtëri ci barab buñu jagle saarse bu wóor ci sa taaxu-dëkkuwaay, su mënee nekk. Laajal sa boroom taaxu-dëkkuwaay wala ki lay ligeeyloo ndax amna barab bu wóor buñuy saarsee wala buñuy teg. Bu loolu amul, na nga saarsee ci biti jumtukaayu dem-ak-dikk yi ak bëtëri yi te di leen teg ci biti bu mënee nekk. Boo waree saarsee sa bëtëri ci sa biir dëkkuwaay, na nga ci bàyyi xel.
- Na nga sànni bëtëri yi ci anam bu wóor buñu amatul njariñ.

> Booy soppi bëtëri bu yàgg, na nga ko gennee sa kër ci saas yi, dontale yàqquwul sax. Na nga àar sa bopp ak ñeneen ñi ci baña def MUKK bëtëri yu am lithium-ion yi ci sa mbalit wala say garaawaay. Lu mëna indi ay lorànge la! Yërël xëtu Bànqaas bi yore Wàllu set-setal ci New York (NYC Department of Sanitation) ngir xam naka lañuy sànnee bëtëri yi màggat yi ci kaarange ak jumtukaay yu màggat yi ak fan lañu leen di sànni.
>
> (https://www.nyc.gov/site/dsny/collection/get-rid-of/batteries.page)
>
> **Nala wóor ni yër nga situ web bu DSNY'yeen saay ngir am ay xibaar yu gëna yees!!**

## Bu lakk amee ci sa dëkkuwaay, saa su ne TËJAL BUNTU BI booy genn!

- Tëj buntu bi ci boo gennee di rawale sa bopp ci ab lakk lu am solo la. **Lu tax?** Tëj buntu ak tëj ruqqu eskaliyee yi dafay tax ñu teeye saxaar si ak sawara wi ci biir dëkkuwaay bi te dafay tax yoon wi nit ñi di jaar du am sawara ak tàngoor ak saxaar ab diir ba may nit ñi ak faykatu lakk yi ñu mëna dugg.
- Buntu dëkkuwaay yi ak buntu ruqqu eskaliyee yi dañu war di tëju saa su nekk, ndax kenn xamul.
- Sa taaxu dëkkuwaay war na taf "Ay yeegle tëj bunt" ci wetu kuluwaaru buntu ruqqu eskaliyee yepp.

**Bu lakk amee tëjël buntu yepp boo gennee!**
**Fexeel ba sawara si ak saxaar si duñu agsi ci kuluwaari dëkkuwaay yi ak eskaliyee yi.**

**Tëjël buntu dëkkuwaay bi ak yu ruqqu eskaliyee yi ci yeneen jamono yepp. Àaral say dëkkandoo ak sa dëkkuwaay!**

NYC Admin Code §15-135

Bu lakk amee tëjël buntu yepp boo gennee!
Fexeel ba sawara si ak saxaar si duñu agsi ci kuluwaari dëkkuwaay yi ak eskaliyee yi.


Tëjël buntu dëkkuwaay bi ak yu ruqqu eskaliyee yi ci yeneen jamono yepp. Àaral say dëkkandoo ak sa dëkkuwaay!

NYC Admin Code §15-135

Bu fekkee tafuñu "Ay yeegle tëj bunt", na nga woo boroom taaxu-dëkkuwaay bi wala ki ko yore, wala nga yeegal ko waa FDNY ci boo yonnee bataaxal ci FDNY.BusinessSupport@fdny.nyc.gov wala ci boo woote wee ci 311 (laajal ñiy taxawu nit ñi ci Bànqaas bi yore wàllu lakk [the Fire Department's Customer Service Center]).

## Ndax jotoon nga kayit biy leeral niñuy wàttandikoo lakk ak niñuy waajalee tolluwaay yu jamp yi ak kayit biñu lim tërëlini rawale yi?

Kayit biy leeral niñuy wàttandikoo lakk ak ni ñuy waajalee tolluwaay yu jamp yi ci taaxi dëkkuwaay yu New York City bu 2025- 2026 ëmb na ay xibaar ci sa taaxu-dëkkuwaay ak lan nga wara def bu lakk amee, wala ngelaw lu am doole, wala am lu kalaate wala yeneen xeeti tolluwaay yu jamp yi. Di nga ci gis tamit kayit bi ñu lim niñuy waajalee tolluwaay yu jamp yi / Tërëlini rawale yi.


KAYIT BIY LEERAL
NIÑUY WÀTTANDIKOO LAKK AK NI ÑUY WAAJALEE TOLLUWAAY YU JAMP YI CI TAAXI DËKKUWAAY YU NEW YORK CITY

YI AM SOLO CI WAAJAL TOLLUWAAY YU JAMP YI

NIT ÑI SOXLA TAXAWU

JUMTUKAAYU WAAJAL YI
(CI TOLLUWAAY YU JAMP YI CI SA BIIR KËR AK SA SAAGU MUCC)

KAARANGE KËR AK WÀTTANDIKU LAKK


XAMAL SA TAAXU-DËKKUWAAY

LOOY DEF BU LAKK AMEE / TOLLUWAAY YU JAMP YU NEKKUL AG LAKK

YI AM SOLO CI WAAJAL TOLLUWAAY

Bànqaas bi yore wàllu lakk ci New York City moo ko defar ngir xamal ñi dëkk ci taaxi-dëkkuwaay yi ak ñi fay ligeeye lu jëm ci wàllu kaarange ci biir taaxu-dëkkuwaay yi, ak li aji-dëkk ju nekk wara def ngir waajal tolluwaay yu jamp yi, ngir wàttandiku lakk ak ngir àar boppam ak njabootam ci bu lakk amee wala tolluwaay bu jamp bu nekkul lakk.

2024


Taaxu dëkkuwaay yu NYC
Ni kenn ku nekk di waajalee tolluwaay yu jamp yi / Kayit biñu lim tërëlini rawale yi

**JEEGO# 1: Tàggatal sa bopp ci wàllu waajal tolluwaay yu jàmp yi**

- Jangal Kayit bu FDNY genne biy leeral niñuy wàttandikoo lakk ak ni ñuy waajalee tolluwaay yu jamp yi ci taaxi dëkkuwaay yu New York City ngir jàng ci wàllu lakk ak yeneen xeeti tolluwaay yu jamp yi ak noo leen di waajalee. War nga jot kayitu leeral bi ci boroom taax bi/ci ki ko yore ci jamono biñuy xaatim luwaas bi benn yoon ci ñetti at yu nekk, te mu ngi ci sit web bu FDNY (http://www1.nyc.gov/site/fdny/codes/fire-department-rules/fire-dept-rules.page).
- Yëral kayitu xibaar bi nekk ci taax biñu joxe ak kayitu leeral bi ngir am ay xibaar ci niñu tabaxee taax bi, ay xibaar ci tërëlinu kaarange gi ngir xeex lakk ak ay xibaar ci gennukaay yi, niki noonu ay xibaar ci yegle kaarange lakk bi boroom taax bi wala ki yore taax bi wara taf ci buntu dëkkuwaay bi.
- Bindul ngir lu jëm ci yegle bu jamp ci NYC.gov/notifynyc wala nga telesaarse aplikaasyoŋ bi ñu jagle ñiy jëfandikoo Apple/Android.

**JEEGO# 2: Waajalal sa tërëlinu rawale**

- Mottalil lim bi ci suuf ngir defar ab tërëlinu rawale ngir sa bopp ak sa waa-kër.
- Lim bi dafay leeral ay matuwaay yuñu digle yoo mëna jël ngir waajal rawale sa dëkkuwaay ci tolluwaay bu jamp.
- Boo gëstoo ci niñuy waajalee tolluwaay yu jamp yi te nga waajal ab tërëlinu rawale, di nga mëna jël dogal bu tegu ci xam-xam ci lu jëm ci tërëlin wi gën ci tolluwaay bu jamp.

**A. Gëstul ci sa taax** - *Dellul ci pàcc 5 ak 6 ci kayit biy leeral ak ci sa kayitu xibbaru taax*

**Ni ñu tabaxee taax bi**

☐ Budul lakk/budul jàpp sawara
☐ Bu mëna lakk/buy jàpp sawara (*rëddal tànneef yi ci bokk yepp*):
☐ Sama palanteeru mucc ci sawara dafay ubbeeku ci lu yomb
☐ Sama palanteeru mucc ci sawara fatt ñu ko ci biir ak ci biti

**Barabu rawale yi ci bu ngelawu geej yu am doole yi amee**

*Seetal sa barab ci "NYC.gov/KnowYourZone" wala nga woote ci 311 (212-639-9675 ñeel ñiy jëfandikoo ndimboli ñeneen ci diggante bi)*

☐ Sama taaxu dëkkuwaay *nekkul* ci barabu rawale yi ci bu ngelawu geej yu am doole yi amee
☐ Sama taaxu dëkkuwaay dafa nekk ci barabu rawale yi ci bu ngelawu geej yu am doole yi amee ___

Looy nekk buñu la rawalee?

☐ Waa kër ☐ Xarit ☐ Naatango ligeey ☐ Otel

Ndax mën nga yobbaale rab bi ngay yar?

☐ Waaw ☐ Deed

*Buñu soxlawee ab làqquwaay ngir yaw (ak sa rab bi ngay yar) ci jamono bi ñuy rawale ci bu ngelawu geej yu am doole yi amee, wooteel ci 311 ngir xam barab bi Santaru rawale bi gëna jege Taax bi nekk.*

---

## Ndax am nga ab Yégle kaarange lakk ci sa buntu dëkkuwaay?

Sa dëkkuwaay ci New York City warna am benn ci Yégle kaarange lakk yi ci biir buntu duggukaay bu mag bi ci kaw. Yagle bi dafay am ñaare ay tegtal ci wàllu àar-bakkan yu jëm ci lan nga wara def bu lakk amee, mi ngi aju ci xeetu tabaxu taax bi ak ci fi sawara si nekk.

| **"Yaa ngi ci taax buy lakk (buy jàpp sawara)."** | wala | **"Yaa ngi ci taax budul lakk (budul jàpp sawara)."** |
| --- | --- | --- |
| YEGLE CI WÀLLU KAARANGE LAKK<br><br>BU LAKK AMEE, NA NGA DAL. NA NGA KO YEEGAL BÀNQAAS BI YORE WÀLLU LAKK TE NGA TOPP NDIGALI LIGEEYKAT YU BÀNQAAS BU YORE WÀLLU LAKK BOO WAREE DEF DARA CI SAAS YI, NA NGA JËFANDIKOO SA XEL SEET ANAM BI GËNA WÓOR. CI KAW NGA SUKKANDIKU CI XIBAAR YII DI ÑËW:<br><br>YAA NGI CI TAAX BU MËNA LAKK (BUY JÀPP SAWARA)<br><br>**Bu lakk amee ci sa dëkkuwaay**<br><br>• Tëjël buntu neeg bi lakk gi nekk te nga joge ci dëkkuwaay bi. | | YEGLE CI WÀLLU KAARANGE LAKK<br><br>BU LAKK AMEE, NA NGA DAL. NA NGA KO YEEGAL BÀNQAAS BI YORE WÀLLU LAKK TE NGA TOPP NDIGALI LIGEEYKAT YU BÀNQAAS BU YORE WÀLLU LAKK BOO WAREE DEF DARA CI SAAS YI, NA NGA JËFANDIKOO SA XEL SEET ANAM BI GËNA WÓOR. CI KAW NGA SUKKANDIKU CI XIBAAR YII DI ÑËW:<br><br>YAA NGI CI TAAX BUDUL LAKK (BUDUL JÀPP SAWARA)<br><br>**Kaarange lakk ci sa biir taax**<br><br>• Tëjël buntu neeg bi lakk gi nekk te nga joge ci dëkkuwaay bi. |

Sa boroom taax bi wala ki ko yor warnañu joxe Kayit biy leeral niñuy waajalee ak kayitu Yegle kaarange lakk bu jaar yoon bi. Boo amul kayitu Yegle kaarange lakk biy nekk ci sa biir buntu dëkkuwaay, jokkoowal ak sa boroom taax bi/ki ko yore wala FDNY (FDNY.BusinessSupport@fdnv.nvc.gov wala wooteel ci 311).

# Tolluwaay yu jamp yi bu amee kuy sox ay bali fetal

Boo nekkee ci wetu kuy sox ay bali fetal wala kuy songe ak fitna, Alkaati New York (New York City Police Department, NYPD) sàkkuna ci nit ñi ñu am taxawaay biñu naan **“moytu, dës, jàmmarloo”**. Wooteel ci 911 bu ko kaarange gi mayee. Na nga sooraale te waajal àar sa bopp fekk yaa ngi topp jeego kaarange yii ci suuf.

## Moytu



- Jogeel ci taax bi ci saas yi boo ko mënee def ci kaarange.
- Bul yobbaale sa benn bagaas.
- Moytul esaanseer yi ak eskaliyee kuuraan yi soo ko mënee. Jëfandikool eskaliyee yi.
- Booy jëfandikoo eskaliyee yi, na nga nekk ci wetu miir bi ba ñiy wallu di mëna jaar sa kanam ci lu gaaw.

## Dës



- Boo mënul joge ci barab bi ci kaarange, duggal ci ab dëkkuwaay wala ci beneen neeg te nga tëj buntu bi caabi ko su mënee nekk.
- Dësal buntu bi ak lu yaatu, lu diis ba kuy songe duko mëna dugg. Mën nga jël kanape wala taabal wala sees wala kamoot wala yeneen.
- Nëbbatul ci ginaaw fu yaatu, fu dëgër bu mënee nekk, te nga jeema nekk fu gëna suufe kawewaayu ndiggu nit ngir mëna moytu bali fetal yi.
- Na nga dall te nga noppi. Fayal lamp yi ak lepp lu mëna def kàddu. Defal sa telefoŋ ak sa yeneen jumtukaay yi ñu noppi, bul def ñuy wiibre.
- Seetal loo mëna def ngannaay (lu mel ni siso, portumaanto, tànku taabal wala tànku sees wala yeneen).

## Jàmmarloo



- Bu pexe jeexee, jàmmarloo wal bu fekkee sa bàkkan daf ciy waaja des te fekk ni mënoo rëcc wala nëbbatu.
- Jàmmarloo wal ak kiy songe ci lu ànd ak dogu.
- Jeemala noot kiy songe ci betteel wala ci lu gaaw ak ci doole ci anam bu gëna tar bu mëna nekk. Boo ko amee wutal loo def ngannaay.
- Boo nekkee ak ñeneen nit, jeem leen defandoo ligeey bi ngir noot kiy songe.

Boo daje wee ak ñiy wàttu kaarange yi ci mbir mi, fàttalikul ni wàttukatu kaaraange yi say loxo rek lañuy bàyyi xel. Na nga wane say loxo, teg ko sa kaw bopp te na nga fexe ba bul yore dara.

Kureel gi yore wàllu tolluwaay yu jamp yi ci dëkk-taaxu New York (NYC Emergency Management) dafay joxe ay ndigal ak yeneen xibaar ci mbooleem xeeti tolluwaayu jamp yi. "Naka laay muccee ci kuy sox ay bali fetal?” jàppandi na ci:
https://plannownyc.cityofnewyork.us/active-shooter/.

*Kayit biy leeral ni ñuy wàttandikoo lakk ak ni ñuy waajalee tolluwaay yu jamp yi ci taaxi dëkkuwaay yu New York City bu 2025- 2026*